



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON POU REYALIZE ANKÈT KONPLÈ SOU PIRATAJ TWITTER A

"Pirataj Twitter a ak priz an chaj jeneral kont Twitter ki verifye yo twoublan anpil epi li souleve preyokeyasyon sou sibèsekirite nan sistèm kominikasyon nou yo, sa ki enpòtan kòm nou ap apwoche eleksyon prezidansyèl ki ap vini an. Avèk plis pase 300 milyon itilizatè, Twitter se prensipal sous nouvèl pou anpil moun, sa ki fè li yon sib pou move aktè yo. Kalite pirataj sa yo ke eskwo sa yo fè pou avantaj finansye a kapab tou se yon zouti aktè etranje yo ak lòt moun yo pou pwopaje dezenfòmasyon epi - kòm nou te temwen - te twouble eleksyon nou yo.

Mwen ap bay enstriksyon pou yon ankèt konplè sou pirataj masif sa a atravè Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) New York la ak nenpòt lòt ajans Eta ki apwopriye pou fè limyè sou done yo. Entèferans etranje rete yon menas grav pou demokrasi nou an epi New York pral kontinye mennen konba a pou pwoteje demokrasi nou an ak entegrite eleksyon nou yo nan nenpòt fason nou kapab".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)